

Èske li nesesè vrèman pou fè kou sou HIV/AIDS?

Wi. Nouvo medikaman yo vin amelyore kalite vi moun ki gen HIV/AIDS epi li pwolonje vi yo. Pwogrè medikal yo redui anpil pou santaj HIV pandan gwosès ak pandan nesans. Menm si pwogrè sa yo pote nouvo espwa, HIV/AIDS toujou reprezante yon gwo menas. Poko gen tretman pou enfeksyon HIV. Pa gen vaksen pou anpeche l. Se pa tout moun ki ka pran avantaj medikaman yo, epi rechèch yo montre ke gen anpil jèn ki toujou gen konpòtman ki mete yo arisk pou yo enfekte ak HIV.

Èske yo egzije kou HIV pou tout elèv?

Direktè yo responsab pou asire ke gen yon minimòm senk kou sou HIV/AIDS ki fèt chak ane nan klas matènèl-6yèm ane, ak sis kou nan klas 7yèm-12yèm ane.

Kòman yo prepare pwofesè yo pou yo kontwole sijè sante sansib ak enpòtan sa yo?

Gen yon seri pwogram fòmasyon pou administratè ak pwofesè ki entwodui yo nan kourikoulòm lan. Yon pati nan trening lan konsantre sou kòman pou kreye yon anviwònman sennesof, favorab pou fè kou sa yo.

KÈK REZON KI FÈ NOU BEZWEN YON KOURIKOULÒM HIV/AIDS NAN LEKÒL LETA VIL NOUYÒK

Nou dwe kòmanse edikasyon sou prevansyon HIV/AIDS byen bonè, pou timoun ak adolesan.

Vil Nouyòk rete nwayo HIV/AIDS nan Etazini. Plis pase 110,000 moun k ap viv Nouyòk gen HIV, epi gen plizyè milye lòt ki pa konnen yo enfekte. Pousantaj ka AIDS Vil nouyòk se prèske 3 fwa mwayèn ka nan Etazini.¹

Chak ane, prèske 1000 moun nan Vil Nouyòk pa konnen yon enfekte ak HIV jiskaske yo deja tonbe malad ak HIV. Moun ki konnen yo enfekte ak HIV epi ki kòmanse tretman bonè ka viv pi ansante. Yo ka anpeche tou pou lòt moun atrape viris la.¹

Yon Iwa Eta Nouyòk, yo te pran an 2010, egzije founisè swen prensipal yo fè yon tès HIV pou tout pasyan ki gen laj 13-64.²

An 2011, yo te rapòt ke 39% elèv lekòl segondè leta Vil Nouyòk nan fè sèks.³

Yo te rapòte 12% elèv lekòl segondè nan fè sèks ak 4 patnè oswa plis.³

Plis pase yonn sou twa elèv lekòl segondè ki aktif nan fè sèks pa itilize kondòm dènye fwa yo te fè sèks la. Sa vin fè yo menm aky/oswa patnè yo gen ki gwo risk pou yo enfekte ak HIV, ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks *sexually transmitted infections(STI)* aky/oswa pou yo ansent san yo pa vle.³

¹Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk *Department of Health and Mental Hygiene(DOHMH)*.


HIV Epidemiology & Field Services Semiannual Report. 2011; 6(2). http://home2.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/dires/2011_2nd_semi_rpt.pdf. Aksè 5 Jiyè 2012.

²Depatman sante Eta Nouyòk *New York State Department of Health*.

Lwa amande sante publik pou fè tès HIV. http://www.health.ny.gov/regulations/public_health_law/part_63/docs/amended_part63.pdf Aksè 5 Jiyè 2012.

³Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi *Centers for Disease Control CDC*. Siveyans konpòtman risk jènès *Youth Risk Behavior Surveillance—Etazini*, 2011. *MMWR* 2012; 61.

<http://www.cdc.gov/mmwr/pdf/ss/ss6104.pdf>. Aksè 5 Jiyè 2012.



HIV/AIDS EDUCATION

Enfòmasyon pou paran

Dapre laj

Pou elèv ki nan klas matènèl-12yèm ane.
Obligatwa nan chak klas.

Presi onivo medikal

Yo fè I avèk *Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH) Vil Nouyòk*

Kòman kou yo ede elèv yo rete ansante?

Kourikoulòm HIV / AIDS Depatman Edikasyon Department of Education(DOE) ofri kou ki apwopriye dapre devlopman ak laj pou ede timoun ak adolesan konprann nati HIV / AIDS, mòd li pwopaje ak mwayen pou sipòte zanmi oswa fanmi ki ta gen HIV / AIDS. Yi itilize nan kou yo estrateji ki ranfòse enpòtans komunikasyon avèk paran / responsab, pwofesè ak lòt adilt k ap bay swen epi ki responsab. Aktivite ki gen entèaksyon yo ankouraje ladrès sa yo kòm planifikasyon ak objektif, komunikasyon, atitud pozitif, priz desizyon ak fikse limit. Elèv yo etidye non sèlman HIV lè yo kontinye ak yon konsantrasyon sou edikasyon sante konplè men tou kòman kò nou rete an sante oswa malad.

Poukisa kou sa yo pale sou atitud ak ladrès elèv bezwen?

Bay elèv konesans konesans ki presi dapre laj apwopriye sou HIV / AIDS se sèlman yon pati nan sa elèv bezwen aprann. Kou yo gen ladan yo atitud responsabilite ak pitye. Yo ede elèv devlope ladrès ki pèmèt yo fè bon chwa nan tout aspè vi yo. Paegzanp, elèv yo aprann reziste presyon kamarad ak evite konpòtman ki gen risk.

Kòman pou m konnen si kourikoulòm sa a bon pou ptit mwen?

Yonn nan objektif ki pi enpòtan nan kourikoulòm sa a se asire ke chak lesон apwopriye pou laj. Timoun yo bezwen enfòmasyon ki presi onivo medikal ki prezante nan yon fason ak nan yon lè ki apwopriye pou nivo devlopman yo. Nan tout pwogram lan yo konsantre sou abtinans kòm mwayen ki pi efikas ak apwopriye pou evite pran HIV ak lòt maladi nan fè sèks.

E si mwen menm kòm paran, mwen gen enkyetid?

Apre ou fin gade kourikoulòm lan, pale avèk estaf lekòl la sou nenpòt kesyon, kòmantè oswa enkyetid ou genyen. Regleman Eta Nouyòk egzije pou tout timoun pran kou sou nati HIV / AIDS ak metòd transmisyon HIV. Paran yo dwa chwazi pou ptit yo pa pran kou endividyle sou metòd prevansyon yo. Nou kwè lesón sa yo apwopriye dapre laj epi yo bay pwoteksyon, men si w pi pito pou ptit ou a pa patisipe, ou dwe voye yon lèt ba direktye lekòl la pou mande l pou retire ptit ou a nan salklas lè y ap fè lesón sou prevansyon yo. Lèt ou a dwe di ke w ap bay ptit ou a pwòp lesón pa w lakay. Ou lib pou mande materyèl ki nan kourikoulòm lan pou ede w fè sa.

Septanm 2012

EGZANP SA ELÈV APRANN NAN TOUT KLAS

Klas matènèl-3yèm ane Baz jeneral prevansyon maladi: lave men, kouvri bouch lè w ap estènen oswa touse epi netwaye ak panse blese. Timoun yo aprann pou pa touche san lòt moun epi mande adilt pou ede lè yon moun blese. Yo aprann HIV se yon viris moun pran nan san ki andomaje sistèm iminitè. Yo aprann tou pou devlope pitye pou timoun ak adilt ki gen HIV/AIDS.

Klas 4yèm-5yèm Leson yo konsantre sou kòman sistèm iminitè fonksyon ak kòman HIV transmèt. Aktivite yo konsantre sou kòman pou reziste avèk presyon kamard ak kòman pou "chwazi konpayon ki pataje menm kwayans, menm valè ak menm enterè." Yo di elèv yo pou yo rete lwen alkòl ak lòt dwòg, epi pou yo pa janm sèvi avèk egwi oswa lòt objè file lòt moun fin sèvi ki ka transmèt san yon moun nan yon lòt moun. Yo konsantre sou abtinans seksyèl.

Klas 6yèm-12yèm ane Kèk lesón gen ladan yo tès HIV epi ki adrese metòd prevansyon tankou itilizasyon kòrèk ak konsistan kondòm, ki ka redui anpil risk enfeksyon lakay moun ki aktif nan fè sèks.

Pou plis enfòmasyon, ale sou:
<http://schools.nyc.gov/Academics/FitnessandHealth/StandardsCurriculum/HIVAIDSoverview.htm>